Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KREDI FISKAL DISPONIB POU KILTIVATÈ NEW YORK POU DON MANJE YO BAY NAN CHARITE

Kredi Fiskal ta sanse lakòz yon Ogmantasyon Don Manje nan kad Pwogram Manje d Ijans atravè Eta a

Sa pral Kore Endistri Agrikòl la e Pèmèt Kiltivatè New York yo Sere 10 Milyon Dola Chak Ane

Sa nan Menm Lanse ak Angajman Gouvènè an pran pou Konbat Grangou nan Eta New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kiltivatè New York yo elijib pou resevwa yon kredi fiskal pou don manje ki kalifye, ki fèt bay bank alimantè ak lòt pwogram manje dijans, apati 1ye Janvye 2018. Yo atann aske kredi fiskal la pèmèt kiltivatè yo sere yon total 10 milyon dola chak ane. Dapre Biwo Fèm Agrikòl New York yo (New York Farm Bureau), kiltivatè toupatou nan eta a te bay plis pase nèf milyon liv manje an 2017, sa ki te ede bay moun New York ki nan nesesite plis pase sèt milyon plat manje.

“Administrasyon sa a pran angajman pou konbat grangou nan tout rakwen New York, e lè nou bay ankourajman pou pèmèt moun jwenn pwodui agrikòl ki fre, nou avanse pi pre objektif sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou remèt kiltivatè yo lajan pou don manje yo fè ak bon kè, sa kore ekonomi agrikòl eta a, e an menm tan ankouraje plis moun New York mete fen a grangou nan kominote nou yo yon fwa pou tout.”

Apre yon rekòmandasyon Fòs Operasyonèl Kont Grangou (Anti-Hunger Task Force) Gouvènè Cuomo an te fè, yo te adopte kredi fiskal la pou peye kiltivatè yo pou depans yo te fè an rapò avèk rekòlt, anbalaj, ak distribisyon pwodui lokal bay bank alimantè ak lòt pwogram manje d ijans ki kalifye atravè eta a. Ogmantasyon don manje yo pral ede satisfè gwo demann ki genyen pou manje ki fre e sen nan kominote defavorize yo atravè New York.

Kredi fiskal la, ki jwenn soutyen nan men Konsèy Eta New York sou Règleman pou Grangou ak Manje (New York State Council on Hunger and Food Policy), se yon kredi ranbousab ki egal a 25 pousan valè don ki kalifye genyen sou mache an, rive jiska 5,000 dola. Don ki elijib yo gen ladan fwi ak legim fre, ki leve oswa ke yo pwodui nan Eta New York, e ke yo bay pwogram manje dijans ki kalifye pou estati fiskal egzante.

Pou reklame kredi an, kontribyab la dwe resevwa prèv don an sou fòm yon resi oswa yon rekonesans alekri soti nan men pwogram manje ki kalifye a.

Yon fèy enfòmasyon sou kondisyon elijibilite pou kredi fiskal la disponib isit la.

Komisyonè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard Ball, te deklare, “Kiltivatè nou yo bon nan kiltive bon manje; epitou chak ane yo pami pi gwo donatè pou bank alimantè ak menm tip òganizasyon sa yo. Don yo fè gen ladan fwi ak legim fre e sen, pou plizyè milyon fanmi New York, ki pa t ap jwenn manje sa yo otreman. Sou demann Gouvènè an, Eta a te travay di pou devlope kredi fiskal sa a pou rekonpanse kiltivatè yo pou jenewozite yo epi pou kore kwasans ekonomik nan endistri agrikòl la, epitou pou nouri plis moun New York toujou ki bezwen sa”.

Delege pa Enterim Enpo ak Finans la (Taxation and Finance), Nonie Manion, te deklare, “Kredi fiskal sa a enpòtan e li ofri yon fason pou kiltivatè yo re-envesti pi plis nan tè ak biznis yo, epi an menm tan tou ede fanmi pòv ki nan grangou. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Cuomo e devouman li pou adopte kredi inovatè sa a”.

Senatè Rich Funke te di, “Depi mwen monte sou pouvwa a, mwen travay sou anpil pwoblèm enpòtan, men youn nan pi gwo fyète mwen se jefò mwen te fè pou patwone e asire adopsyon kredi fiskal ‘Farm to Food Bank’ lan nan bidjè ane pase an. Ede kiltivatè yo, e an menm tan ede bank alimantè nou yo pran swen moun ki pi nan bezwen pami nou, demontre tout eleman ki pi bon e pi enpòtan nan sèvis piblik. Mwen di pèsonèl mwen chak jou ke sa ki pi enpòtan se fè sa ki dwat. Pwogram sa a vrèman montre filozofi sa a”.

Senatè Patty Ritchie, ki se Prezidan Komite Agrikòl la (Committee on Agriculture), te deklare, “Kiltivatè k ap travay di nan Eta New York pami pi bon kiltivatè ki genyen, epitou yo pami moun ki gen pi bon kè nan tout eta nou an. Pifò nan kiltivatè nou yo deja fè gwo don fwi ak legim fre bay bank alimantè nan tout eta a. Lè nou bay yo kredi sa a, nou rekonpanse yo pou jenerozite yo, e an menm tan nou envesti nan lavni eta nou an. Kiltivatè nou yo pral kapab re-envesti nan tè yo e asire yo kapab kontinye bay tout moun New York--espesyalman moun ki pa t ap jwenn sa otreman-- manje sen tout moun merite”.

Manm Asanble Bill Magee, ki se Prezidan Komite Agrikòl la, te deklare, “Kredi fiskal sa a pral nan enterè relasyon ki egziste ant fèm lokal ak kominote nou yo. L ap kreye soutyen ant moun k ap travay pou rezoud pwoblèm grangou onivo lokal, ak moun k ap pwodwi e distribye bon jan manje sen. M ap soutni inisyativ sa a depi lontan e mwen byen kontan wè li tounen yon reyalite”.

Direktè Egzekitif Asosyasyon Bank Alimantè yo (Food Bank Association), Anita Paley di konsa, “Nou gen anpil rekonesans anvè kiltivatè yo ki te toujou ap chache fè pati solisyon an, e fè sa yo te kapab pou nouri vwazen nou yo, ki nan grangou. Bank alimantè ki se manm asosyasyon an, gen bon relasyon avèk kiltivatè lokal yo, e don nou resevwa kounye a ap ede nou nouri Eta New York an patenarya avèk depo alimantè nan Eta New York. Pa gen dout nan lespri nou: kredi fiskal sa a pral ankouraje yon ogmantasyon don ki pou benefisye moun ki pa gen lajan pou achte manje ki fre e ki sen”.

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York, te deklare, “Biwo Fèm Agrikòl New York yo kontan Kredi Fiskal ‘Farm to Food Bank’ la. Sa se te youn nan pwoblèm ki te pi enpòtan pou manm òganizasyon nou an, ki regilyèman fè don bay bank alimantè nan rejyon an. Kredi an pral ede konpanse depans ki fèt pou rekòlt, anbalaj ak transpò manje yo, al nan sant don yo, e an menm tan pèmèt moun New York ki nan bezwen jwenn plis manje fre lokal. Nou apresye jefò Gouvènè Cuomo ak pèsonèl ajans li an fè pou jou sa a tounen yon reyalite”.

Kredi fiskal sa a nan menm lanse ak angajman Gouvènè Cuomo pran pou mete fen a grangou nan Eta New York. Nan Diskou Eta Leta pou ane 2018 lan, Gouvènè an te pwopoze yon pwogram “Timoun pa Dwe Grangou” (No Child Goes Hungry) pou asire elèv tout laj, tout orijin, e tout nivo, jwenn manje lokal ki bon pou lasante. Atravè pwopozisyon li an, eta a t ap entèdi pou yo fè moun wont alè manje midi; li t ap mande pou senten lekòl sèvi manje maten 'apre son klòch la,' epi li t ap double envestisman eta a fè nan pwogram Farm-to-School la.

Gouvènè an te pwopoze tou yon ogmantasyon plis pase 300 pousan nan ranbousman manje midi nan lekòl yo, pou lekòl ki achte omwen 30 pousan nan engredyan yo nan fèm New York. Pou asire etidyan yo toujou ka jwenn manje sen sou kanpis kolèj yo, Gouvènè an te pwopoze pou tout lekòl SUNY ak CUNY yo oblije ofri bank alimantè sou kanpis yo, oswa pèmèt etidyan yo resevwa manje atravè yon aranjman separe ki pa fè moun bay yo non.

Nan lane 2016, Gouvènè an te kreye Konsèy Eta New York sou Règleman pou Grangou ak Manje, pou etabli yon konsantrasyon pèmanan sou lit kont grangou nan eta a. Anplis de sa, eta a elaji kondisyon elijiblite pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè an (Supplemental Nutrition Assistance Program) epi li pwolonje Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans pou Nitrisyon an (Hunger Prevention and Nutrition Assistance Program) jiskan 2020. Anplis de sa, eta a patwone plizyè pwogram pou ede fanmi ki nan bezwen achte pwodui fre nan mache kiltivatè lokal yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418